Утверждаю

МКОУ «Ленинаульская средняя общеобразовательная школа №1

имени Героя Советского Союза Ханпаши Нурадилова»

# Мероприятие на тему: « Ненан мотт , къоман юьхь халкъан орам»

Составитель: учитель родного языка и литературы Саипова Ш.И.

**Мероприяти тема: «Ненан мотт- къоман юьхь, халкъан орам».**

**1алашо:** вайнехан оьзда г1иллакхаш довзийтар, церан к1орга маь1на дастар, шен ненан меттане безам бахийтар, дешархойн хьуьнарш гайтар.

**Вед1** Даймехкан курачу цу лаьмнийн баххьашкара – кураллех дуьззина

Даймехкан шийлачу шовданийн хишкара ц1араллех дуьззина.

Даймехкан 1аламан исбаьхьчу юьхь т1ера хазаллех дуьззина.

Дикачу дас нанас вайнехан 1адатехь кхиинчу т1аьхьенан оьздачу, маьршачу доьзаллан ц1арах.

К1оман юьхь, сий лардеш, цхьа оьзда кхиинчу вайнехан дикачу мехкарийн ц1арах.

Даймохк безар жимчохь дуьйна дагах, дег1ах доьлла.

Махкан хьанала, тешаме кхийначу, ях йолу вайн к1ентийн ц1арах ду, доттаг1ий Салам- Маршалла!

**Вед2** Де дика хуьлда шу, лераме накъостий, хьомсара хьеший, шу марша дог1ийла. Вай тахана д1ахьур ду «Нохчийн меттан» лерина «Ненан мотт-къоман юьхь, халкъан орам» ц1е йолу цхьанакхетар. И цхьанакхетар вовшахтоьхна 9 – чу классера дешархоша.

***1уьйранна схьакхетачу малхо хьоьстучу синмехаллин г1иллакхаш санна .***

***И г1уллакх лоьручу, лелочу.***

***Делкъанна баьллачу малхо синмехаллин оьздангалла санна***

***И оьздангалла шайца йолу ломара мехкаршкара***

***Буьйсанна схьакхетта седарчий санна къонахашкара***

***Даймехкан букъ тухур боцуш***

***Сийлалли дарж лекха долуш***

***Г1иллакх, яьхь, юьхь шегар доккхийтар доцуш***

***Ленинаулера дешархошкара маршала ду шуьга***

*Тхан хьоме маххой!*

**Вед1** Дахарехь хьан безам бацахь дахар эрна хетте. Да а ду и иштта. Безамо вайн дахар ирсе а, хаза а до.

**Вед2** Безамаш дуккха а ду: де-нене, йиш-веше, шеен доьзале, йо1е, к1анте... Х1ора безам шен- шена хазалла а йолуш хуьлу.

**Вед1** Х1инца вайн безамах йиш локкхур ю...

**Вед2** « Ломахь гира суна и...» 9-чу классера дешархоша.

**Вед1** Дала вайн мотт бийца йиш йоцуш, цу маттахь дуьйцу оьзда г1иллакхаш,цу меттахь дека мукъамаш ца хезаш хан ма йог1ила вайна.

**Вед2** Вайн цхьанакхетар д1ахьош ду г1иллкхаш гойтучу суьрташца.

Сурт «Вокхха стаг», « Номер лохь».

**Вед1** Вайн мотт бийца доьналла, яьхь, сий ма эшадойла вайна.

**Вед2** Дош лур ду нохчийн мотт базбеш, стихеш йийца.

Сулейманова Седа 9 кл, Исрапилова Айза 6кл, Сатуева Амира 6кл, Исрапилова Хадижа 9кл.

**Вед1** Нохчийн мотт ца безачунна шен мохк а, къам а дезар дац. Цуьнан сий ца лардечо ненан сий а лардийр дац. Вайна х1инца * Нана* ц1е йолу йиш д1алокхур ю Сулейманова Седас

.**Вед2** Нохчийн г1иллакх – оьздангаллин г1ала замано а йохор яц, нагахь вай х1ораммо а иза 1алаш яхь, шен леларца, вистхиларца, дечу г1уллакхца. Т1аккха иза лаьттар ду нохчийн къам мел деха.

**Вед1** Х1инца * Оьздангалла * ц1е йолу сурташ гойтур ду вайн дешархоша.

Сурт « Некъ ца хадор», «Лулахо».

**Вед1** Оьздангалла Далла ечу 1амалца, гонахьарчу 1аламца, шена дег1аца, дагца, ойланца стага ц1ена хилар а ду.

**Вед2** Вайн нохчийн халхаро а дуьйцу цуьнйа доьзна мелдерг. И хелхар вайна гойтур ду 9-чу классера мехкарша.

**Вед1** Забаро хаздо вайн дахар, хаза я хууш ечу забаро самукъадоккху. Забарх кхеташ хила а веза стаг, цунах ца кхеташ волу стаг девне волу.

**Вед2** Тахан лерачу забарех шу массо а кхетар ду аьлла хетта тхуна. Вайна х1инца забаре суьрташ гойтур ду 9-чу классера дешархоша.

«Кадаме вахар», «Баба».

**Забаре байташ йоьшу «Сетла1ад» журнал т1ера.**

Жамуева Малика, Исрапилова Хадижат, Долгатов Рамазан.

**Вед1** Дуьненчохь меттанаш дуккха а ду.  Царна юккъехь хьалдолуш хиларца шен  меттиг д1алоцуш бу вайн нохчийн мотт.

**Вед2** Массо а стаг, муьлххачу а къоман велахь а, шен ненан маттаца кхуьу. Мотт а, къам а цхьана доьзна ду, х1унда аьлча къам ца хилча, мотт хир бац, ткъа «Нохчо ву со» - бахарх тоьаш дац, хьайн ненан мотт бийца хьо хууш вацахь.

**Вед1** 3-чу классера дешархоша деана вайн совг1ат.

**Вед2** Царна д1ало вай дош.

**Вед1** Нохчийн мотт – иза вайн къоман уггаре еза мехалла ю. Цундела вай сий дан деза ненан метан. Буьцучу матто а, адаман леларо а хоуьйту вайна  и стаг мел оьзда ву.

**Вед2** 1аламат  мехала а, деза а г1уллакх ду шен ненан мотт безар. Муьлххачу къоман меттанаш санна доккха маь1на долуш бу вайн нохчийн мотт.

«Нохчо ву со»  Саидов Билал Исрапилова Х, « Вина мохк» Абузар Айдамиров Чокиева П

**Вед1**Шен де ненан сий дар, уьш ларор цул дезза х1ума дац.

**Вед 2** Царна лерина стихеш юьйцу вайна х1инца.

Магомедова Седа «Дада»

Сулейманова седа « Нана».

**Вед1** Мотт – иза къоман  СА а, адамаллин куьзга а ду. Цуьнца доьзна ду халкъан дерриге  а дахар.

**Вед2** Шен мотт 1алашбан доьналла хила деза х1ора нохчочун. «Белхи» аьлла сурт гойту вайна дешархоша. ( «К1айн дарийн коч» , «Сан Даймохк»).

**Вед1** Ткъа х1инца ненан маттах хастаме дош а олуш, вайн хьеший а бовзуьйтйш.

**Вед2** Дош ло нохчийн меттан хьехархочуьнга Ибиева Джамиле Алимсултановне.

***Хьехархочун дош: Мотт вайн ойланаш а, кхетамаш а, хьекъалан а, дахаран а уггар ца хилча йиш йоцу г1ирс бу. Иза хьекъалан а , ойланан а хазна ю. Иза бакъ хилар ч1аг1 до вайн дешархоша, олучу иллешца, йуьйцучу стихешца, гойтучу сурташца а .***